# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# कलीसिया क मुसीबतन से सामना

लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: Janie Forest
अनुकूलित: Ruth Klassen
Alastair Paterson
अनुवादक: सुरेश मसीह
उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

परमेश्वर की बेटा यीशु मसीह की मूवलन में से जी उठला की पचास दिन बाद, पवित्र आत्मा उनकी अनुयायियन की संगे रहे खातिर अइलन। हालांकि चेला ए बात के समझ ना पवलें की परमेश्वर पिता, परमेश्वर क बेटा (यीशु) अउर परमेश्वर क पवित्र आत्मा सब, एकही त्रिएक परमेश्वर हउवें; उ अपनी साथ में परमेश्वर के होखले मात्र से ही खुश रहलें। परमेश्वर प्रेरितन के यीशु की बारे में दूसरा लोगन के बतावे खातिर अद्भुत रीति से मदद कइलें।



यीशु पर विश्वास करे वाला सब लोग आपन सबकुछ साझा क समझत रहलें ताकि उ गरीबन क देखभाल अउर मदद कर सकें। लेकिन हनन्याह अउर सफीरा नामक एगो पति-पत्नी बेईमानी कइलें। उ लोग कुछ जमीन क टुकड़ा बेचलें अउर प्रेरितन की पास सब पइसा लीअइला क नाटक कइलें। उ खुद की खातिर, चुपके से, कुछ वापस रख लिहले रहलें।





"काहें से शैतान तोहन लोग की दिल के... पवित्र आत्मा से झूठ बोलला खातिर भर दिहलस हअ?" पतरस हनन्याह से पूछलन।

"तू आदमी लोग से ना, लेकिन परमेश्वर से झूठ बोलले बाड़अ" तब तुरंत हनन्याह नीचे गिर गइलन। अउर उ अंतिम साँस लीहलन। तब जवान पुरुष उनके लपेटलें, बाहर ले गइलें अउर उनके दफना दिहलें।



थोड़ा समय बाद, सफीरा अपनी पति की मउवत क खबर जानले बिना अंदर अइली। उ हो पइसा की बारे में झूठ बोलली - अउर उनकरी साथ ओइसने भइल। जेतना लोग ए बात के सुनल उन लोगन पर एगो बड़ा भय छा गइल।



परमेश्वर क पवित्र
आत्मा प्रेरितन की
माध्यम से कई
अद्‌भुत चिंन्ह अउर
चमत्कार कइलें।
उदाहरण की खातिर –
जे लोगन पर पतरस
क खाली परछाईं
मात्र पड़त रहल,

उ बीमार लोग भी चंगा
हो जात रहलें।



परमेश्वर की उपस्थिति अउर उनकरी महान चमत्कारन के दिखावला क एगो उज्वल समय रहल। अधिक से अधिक लोग यीशु पर विश्वास कइलें। ई बात महायाजक लोग के बहुत क्रोधित कर दिहलस।

उ प्रेरितन के जेल में डाल दिहलें!





लेकिन एक रात प्रभु क एगो दूत जेल की दरवाजन के खोल दिहलन, उन सबके बाहर ले अइलन, अउर उनसे कहलन, जा "मंदिर में खड़ा होखअ, अउर ए जीवन क सब बातन के लोगन के बातावअ।" प्रेरित बाहर चल गइलें अउर यीशु की बारे में प्रचार करल शुरू कइलें। सुबह में, महायाजक क आदमी लोग जेल के खाली पवलें।

आखिरकार जब उ ओ लोगन से मिललें तब महायाजक लोग प्रेरितन के बहुत डटलें। "का हमनी क कड़ाई से तोहन लोग के ए नाम के सिखवला खातिर मना ना कइलें रहलीं हँअ जा?" पतरस अउर अन्य प्रेरित लोग जवाब दिहलें, "हमनी क, मनुष्यन की तुलना में परमेश्वर की आज्ञा क पालन करल चाहब जा"

ऐसे महायाजक बहुत गोसिया गइलन अउर प्रेरित लोग के जान से मार डालल चाहत रहलें। परन्तु उ ओ लोगन के बेतन से मार के छोड़ला क आदेश दिहलें।



उ प्रेरित लोग ए दर्द की बावजूद, परमेश्वर की बात के मनलें अउर यीशु की बारे में उपदेश दीहल जारी रखलें।



एक दिन स्तिफनुस नामक एगो व्यक्ति के गिरफ्तार कर लिहल गोइल। स्तिफनुस प्रभु यीशु के प्यार करत रहलन। पवित्र आत्मा उनके यीशु की बारे में दूसरा लोगन के बतावे खातिर इस्तेमाल करत रहल। कुछ लोग स्तिफनुस पर परमेश्वर की खिलाफ बोलला क झूठ इल्जाम लगवलें। उनकर मजाक उड़वला की बाद, स्तिफनुस के यीशु में विश्वास कइला की कारन, पत्थरवाह करके जान से मार दिहलें।



उनकरी मौत से पाहिले, स्तिफनुस, पवित्र आत्मा से भर के, स्वर्ग में टकटकी नजर से परमेश्वर के दाहिने ओर खड़ा यीशु मसीह अउर परमेश्वर की महिमा के देखलन।



जइसे भीड़ स्तिफनुस पर पत्थरवाह करत रहें, उ परमेश्वर के बोलावत बोलावत कहलन, "प्रभु यीशु, हमरी आत्मा के ग्रहण करीं" फिर, क्रूस पर यीशु की मौत की तरह, ई बहादुर परमेश्वर क जन उनकरी हत्यारन के माफ करे की खातिर प्रार्थना कइलें अउर अंतिम साँस लीहलें।



स्तिफनुस की मउवत क उत्पीड़न एगो नाया लहर शुरू कर दिहलस। स्तिफनुस की हत्यारन क मदद करे वाला में शाऊल नाम क एगो युवक, हर मसीहियन के, जे केहु ओ के मिलल गिरफ्तार करे लागल। ओमें से बहुत सारा लोग अपनी घरन के छोड़कर के भाग गइलें; अउर यहूदिया अउर सामरिया में फईल गइलें। खाली प्रेरित लोग ही यरूशेलेम में रुकल रहलें।



जबकि उनकर दुश्मन ओ लोगन के मरला की कोशिश में रहलें; पर बिखरल लोग जहाँ कहीं भी गइलें; यीशु क शुभ सन्देश हर जगह ले गइलें। केहु भी यीशु की अनुयायियन के रोक ना सकल - काँहे से कि परमेश्वर क पवित्र आत्मा उन सब में वास करत अउर उनकी द्वारा काम करत रहल।



# कलीसिया क मुसीबतन से सामना

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

प्रेरितन क काम 5-7

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं!  यूहन्ना 3:16